# <u>आकाशवाणी, गोरखपुर</u>

## दिनांक–13 फरवरी 2025 भोजपुरी समाचार

वक्फ संसोधन विधेयक दुइ हजार चौबीस पर संसद के संयुक्त समीति क रिपोर्ट आजु लोकसभा अउर राज्यसभा में पेस कइल गइल। एह के लेके विपक्षी सदस्यन के हंगामा के नाते आजु लोकसभा के दुपहरिया दुइ बजे तक ले अउर राज्य सभा के थोड़ी देर के खातिर स्थगित करे के पड़ल। विपक्ष क आरोप हवे कि समीति के बइठकियन में विपक्षी सदस्यन के असहमति के टिप्पणियन के रिपोर्ट में नाही सामिल कइल गइल हवे। एह पर संसदीय कार्यमंत्री किरन रिजिजु कहलें कि मूल रिपोर्ट अउर असहमति के टिप्पणियन क कउनहू हिस्सा हटावल नाही गइल हवे। लोकसभा में आजु नया आयकर विधेयक दुइ हजार पचीसो पेस कइल गइल।

**********

प्रयागराज महाकुंभ के पवित्र त्रवेणी संगम पर सरधालुअन की ओरि से आस्था क डुबकी लगवले क क्रम जारी हौ। आखिरी समाचार मिलले ले आजु संझा चारि बजे ले करीब ओनहत्तर लाख बीस हजार सरधालु अउर कल्पवासी पवित्र स्नान कइ लिहले रहलें। छत्तीसगढ़ के मुख्यमंत्री विष्णुदेव साई आजु अपने पत्नी के साथे स्नान कइलें। उनकर कैबिनेट अउर विधायक लोगि भी महाकुंभ में स्नान कइलें। उहां के कुंभ मेला क भव्यता अउर ऐतिहासिकता क सराहना कइलीं।

**हमारे मंत्रिगण, सांसदगण, विधायकगण, हमारे संगठन के लोग, सभी लोग एक साथ आए हैं। और यहां पर पुण्य संगम में स्नान करके छत्तीसगढ की कामना की है। छत्तीसगढ़ में खुशहाली हो। छत्तीसगढ़ में शांती हो। बहुत अच्छी व्यवस्था है। हम इसके लिए यहां के माननीय मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ जी को धन्यवाद देंगे। इतना बड़ा बड़ा महाकुंभ। इतनी अच्छी व्यस्था। साफ सफाई। सब कुछ चाक चौबंद है।**

त्रिपुरा क मुख्यमंत्री प्रोफेसर डाक्टर मानिक साहा भी आजु सपरिवार पवित्र संगम में स्नान कइलें। एगो सोसल मीडिया सेनेसा में उहां के कहलीं कि पबित्र जल, दिव्य उर्जा अउर आध्यात्मिक माहौल एह स्नान के यादगार बना दिहलस।

**********

महाकुंभ से जुड़ल अफवाहन से बचावे खातिर प्रदेस पुलिस क कारवाई लगतारे जारी हवे, एगो रिपोर्ट–

***प्रदेश पुलिस ने सोशल मीडिया मॉनिटरिंग के दौरान सात ऐसे अकाउंट की पहचान की है जो कथित तौर पर एक पुराने वीडियो को महाकुंभ से जोड़कर फर्जी खबरें फैला रहे थे। पुलिस ने स्पष्ट किया कि यह वीडियो वर्ष 2021 में गाजीपुर का है जहां शहर में नदी किनारे शव मिले थे। इन अकाउंट्स पर प्रदेश सरकार और पुलिस की छवि धूमिल करने तथा समाज में विद्वेष फैलाने का आरोप है। इस संदर्भ में प्रयागराज के कोतवाली कुम्भ मेला थाने में मुकदमा दर्ज कर लिया गया है और विधिक कार्रवाई की जा रही है। पुलिस ने इस फर्जी वीडियो को लेकर स्पष्ट किया कि ये महाकुम्भ से संबंधित नहीं है । पुलिस ने जनता से अफवाहों पर ध्यान न देने और संदिग्ध पोस्ट की सूचना देने की अपील की है। आदर्श के साथ अभिषेक कपिल, आकाशवाणी समाचार, प्रयागराज***

**********

कासी तमिल संगमम क तिसरका फेरा क मुख्य आयोजन बनारस के नमो घाट पर पनरह फरौरी के होई। इ जनकारी ओहां के जिलाधिकारी एस राजलिंगम आजु संवाददाता लोगिन से बतियावत दिहलीं। उहां के बतउलि के एह आयोजन में भारतीय प्रौद्योगिकी संस्थान, बनारस हिन्दू विश्वविद्यालय अउर भारतीय प्रौद्योगिकी संस्थान मद्रास क विद्यार्थियों हिस्सा लिहें। चौबीस फरौरी ले चले वाले एह आयोजन में करीब एक हजार दुइ सौ से बेसी प्रतिनिधि हिस्सा लिहें।

**********

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के खोराबार वार्ड में बनल कल्याण मंडपमम क लोकार्पण कइलें। एह मौका पर उहां के करीब एक सौ तीनि करोड़ रूपिया क एक सौ सोरह विकास परियोजनन क लोकार्पण अउर सिलान्यास कइलीं। एक से पहिले उहां के गोरखनाथ मंदिर मे श्रृंगेरी सारदा पीठ क जगदगुरू संकराचार्य श्रीश्री भारती तीर्थ महासन्निधानम के साथे श्रृंगेरी पीठ के परापंरा के हिसाब से विसेस हवन कइलें।

**********

पूर्बी उत्तर प्रदेस में पछिला चौबीस घंटा के भित्तर भइल दुइ गो अलगि–अलगि सड़क दुर्घटना में छौ जने क मउति हो गइल, आ करीब एक दर्जन से बेसी लोग घाही हो गइल हवे। कुसीनगर जिला क कप्तानगंज थान्हा इलाका के मथौली कस्बा में एगो तेज रफ्तार आटो आजु भिन्नही सड़क पर ठाढ़ गन्ना लदल टरक से पाछे से टकरा गइल। एह हादसा में चारि जने क मउति हो गइल, तीनि जने अउरियो घाही हवे, ओहीं जौनपुर जिला क बक्सा थान्हा इलाका के मिरजापुर हाईवे पर ठाड़ ट्रेलर से यात्रियन से भरल एगो मिनी बस क पाछे से बितल राति जोरदार टक्कर हो गइल। एह हादसा में दुइ जने क मउति हो गइल अउर करीब एक दरजन लोगि घाही हो गइले।

**********

श्री राम मंदिर क मुख्य पुजारी आचार्य सत्येन्द्र दास जी महराज क आजु अजोध्या के सरजू नदी में जल समाधि दे दिहल गइल। एह मौका पर बड़हन संख्या में साधु अउर गणमान्य लोग मौजूद रहले।

**********